



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MONIMAN ANBLEMATIK YO AP LIMEN NAN KOULÈ BLE AK LÒ EPI AP GEN ESPEKTAK FE DATIFIS NAN TOUT ETA A AN REKONESANS DÈSKE YO ATENN 70% VAKSINASYON YON SÈL DÒZ LA

13 moniman anblematik Eta a ke yo ap limen an ble ak lò yo

Espektak fe datifis yo ap kòmanse a 9:15 PM nan tout Eta a kòm selebrasyon dèske yo atenn gwo etap nan COVID-19

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo pral limen batiman anblematik yo nan tout Eta a nan koulè ble ak lò nan dat 15 jen an pou kòm selebrasyon dèske yo atenn 70 pousan granmoun New York ki te resevwa premye dòz vaksen kont COVID-19 yo a. Anplis de ekleraj sa yo, pral genyen espektak fe datifis ke yo ap òganize nan tout Eta a apati 9:15pm.

"472 jou de sa, li te enposib pou nou te panse ke 70 pousan nan granmoun New York tap resevwa premye vaksinasyon kont COVID-19 yo a nan moman sa a. Sa ki te sanble elwanye de plizyè ane a te reyalize nan mwens pase yon ane", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan nou ap selebre restrikyon yo ki leve a ak reprann nòmal ki reyimajine nou an, nou ap reflechi tou sou travay di travayè esansyèl yo Eta New York yo epi nou sonje sila yo ke nou te pèdi yo. Nouyòkè yo te toujou solid, men ane sa a te pwouve nan ki degre yo solid. Felisitasyon, Nouyòkè yo, pou tout sa travay di nou an te reyalize".

Yo pral limen batiman anblematik sa yo an ble ak lò aswè a, 15 jen an pou onore dèske nou atenn gwo etap sa a nan COVID

- Empire State Building
- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Biwo Alfred E. Smith State (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Teren Fwa - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon Eta a (State Fairgrounds - Main Gate and Expo Center)
- Niagara Falls

- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - Pòtay Ekstremite Lès nan Penn Station

Yo pral òganize fe datifis nan sit sa yo nan tout Eta a, apati 9:15pm aswè a, 15 jen:

Albany

Empire State Plaza
Albany, NY 12228

Binghamton

Binghamton University M Lot
[4400 Vestal Parkway E](#)
[Vestal, NY 13850](#)

Jones Beach

Jones Beach State Park
1 Ocean Parkway
Wantagh, NY 11793

Lake Placid

Lake Placid Club
[Lake Placid, NY 12946](#)

New York City

New York Harbor

Niagara Falls

Niagara Falls State Park
[Goat Island Road](#)
[Niagara Falls, NY 14303](#)

Nyack

Memorial Park
[4 Depew Ave.](#)
[Nyack, NY 10960](#)

Rochester

Rochester Dome Arena
[2695 E. Henrietta Rd](#)
[Henrietta, NY 14467](#)

Syracuse
NYS Fairgrounds
[581 State Fair Blvd](#)
[Syracuse NY 13209](#)

Utica
Downtown Utica
100 Whitesboro Street
Utica, NY 13502

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)